

P-EBT POU ETE 2021

KIYÈS ?

Elèv ki enskri nan lekòl leta vil Nouyòk yo nan mwa jen 2021.



KISA ?

Eta Nouyòk la kòmanse bay peman \$375 pou achte manje.



KILÈ ?

Distribisyon an te kòmanse nan mwa me 2022. Sa pral pran kèk mwa anplis pou peman sa a rive jwenn tout fanmi nan vil Nouyòk yo.



Tout elèv lekòl leta vil Nouyòk yo ki te enskri nan lekòl pandan mwa jen 2021 yo elijib otomatikman pou yo resevwa yon peman P-EBT nan monta \$375.

- Ou pa bezwen fè yon demann ni enskri
- Kantite lajan ou touche ak eta imigrasyon w pa enpòtan
- Sa pa afekte okenn lòt avantaj ni lwa chaj piblik la
- Ou PA T oblije enskri nan lekòl vakans dete 2021 an
- Elèv ki gradye nan 2021 yo pral resevwa avantaj la

KÒMAN ?

Eta Nouyòk la pral **otomatikman** depoze lajan P-EBT a sou yon kat SNAP/EBT, Medicaid oswa P-EBT ki aktif.



ÈSKE KAT P-EBT OU TE PÈDI OSWA ANDOMAJE ?



Rele Sèvis kliyan EBT nan **1-888-328-6399** pou mande yon nouvo kat, verifye balans ou oswa pou aktive (PIN) yon kat.



Ranpli fòmilè kontak NYS P-EBT a nan bit.ly/PEBTcontactform pou mande yon nouvo kat epi pou rezoud lòt pwoblèm.

Enfòmasyon adisyonèl

- Vizite sit wèb nou an : [BitJy/CFAPEBT](https://bit.ly/CFAPEBT)
- Liy asistans NYS P-EBT : 1-833-452-0096
- Kesyon komen sou P-EBT : on.nyc.gov/p-ebt

